



Pou Piblikasyon Imedya: 12/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 50 POUSAN OGMANTASYON NAN FABRIKAN
BWASON ATIZANAL YO DEPI PWOMILGASYON LWA SOU
BWASON ATIZANAL NEW YORK LA AN 2014**

***Kounye a New York Klase Pami Senk Pi Meyè Eta Ozetazini pou Kantite Pwodiktè
Bwason Atizanal yo Genyen nan chak Kategori***

***340 Nouvo Biznis Rejwenn Endistri Bwason Atizanal New York la k ap Fleri Depi
Pwomilgasyon Lwa a***

***Mòdènizasyon Lwa yo, Senplifikasyon Règleman yo, Eliminasyon Frè yo ak
Rediksyon Taks yo ap Estimile Kwasans San Parèy nan Endistri a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kantite fabrikan bwason atizanal yo te ogmante pa 50 pousan depi pwomilgasyon Lwa sou Bwason Atizanal New York la (Craft New York Act) twa zan pase. Kòm konsekans dirèk Somè sou Byè, Diven, Alkòl ak Sid (Beer, Wine, Spirits and Cider Summits) Gouvènè a, Lwa sou Bwason Atizanal la te antre an vigè 13 Desanm 2014, pou kontinye sipò eta ap bay endistri bwason atizanal la k ap devlope a. Depi lè sa a, 340 nouvo biznis bwason atizanal te ouvri pòt yo toupatou atravè eta a.

“Administrasyon sa a te travay di pou nou senplifye pwosesis administratif yo, redwi depans epi elimine règleman nwizib pou endistri bwason atizanal New York la - de seri efò ki klèman ap bay randman nan kat kwen gran eta sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen fyè de kwasans sektè sa a kontinye ap jwi a, ki te kreye djòb, estimile touris, sipòte fèm New York yo epi lakoz kreyasyon pwodwi premye klas ki gen renonme mondyal.”

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te reyalize yon seri chanjman lejislatif ak politik pou kapitalize sou demann kliyan yo k ap ogmante pou bwason atizanal ki pwodwi onivo lokal epi rann li pi fasil pou moun ouvri ak opere yon biznis manifakti bwason atizanal. Amelyorasyon sa yo te gen ladan rediksyon taks ak frè yo, ofri sipò pou rechèch, kreyasyon nouvo lisans pou brasri ak sidri fèm yo, eliminasyon règleman restriktif yo, rediksyon a mwatye kantite tan li pran pou moun jwenn lisans yo ak restriktire ansyen lwa sou kontwòl Bwason Alkòl eta te genyen an.

Lwa sou Bwason Atizanal 2014 la redwi egzijans nwizib ki te gen sou pwodiktè yo epi redwi restriksyon konsènan piblisite pou pwodwi atizanal yo lè li: relache règ pou ofri goute epi vann pwodwi sou sit la ak andeyò sit la; ofri opòtinite adisyonèl pou ti fabrikan yo ka rive jwenn nouvo kliyan; ogmante limit pwodiksyon anyèl yo pandan y ap kenbe frè lisans yo ba; pèmèt distiyri fèm yo ouvri nan yon lokalite andeyò sit yo san frè; epi lanse yon Pwogram Sibvansyon 2 milyon dola pou Piblisite ak Pwomosyon pou Bwason Atizanal yo (Craft Beverage Marketing and Promotion Grant Program) ak 1 milyon dola Sibvansyon pou Pwomosyon Endistri Touris Bwason Atizanal la (Craft Beverage Industry Tourism Promotion Grant).

Depi lè Lwa sou Bwason Atizanal la te vin an vigè a, Eta New York la te fè eksperyans kwasans san parèy nan fabrikasyon bwason atizanal, avèk plis pase de lisans yo emèt chak semèn pou nouvo brasri, distiyri, etablisman diven ak sidri toupatou atravè eta a. Nan twa zan apre depi lè yon fin pwomilge Lwa sou Bwason Atizanal la, 35 sidri, 60 etablisman diven ak diven fèm, 67 distiyri atizanal, ak 178 brasri byè atizanal te ouvri biznis yo nan eta a. Pami 340 biznis sa yo, 260 se pwodiktè ki baze nan fèm ki itilize engredyan yo kiltive onivo lokal nan pwodiksyon yo.

Kantite pwodiktè bwason atizanal yo te ogmante nan tout rejyon nan eta yo depi lè yo te fin siyen Lwa sou Bwason Atizanal New York la. W ap wè rejyon yo mete aksan sou yo a yo [isit la](#). Kounye a, Eta New York klase pami senk pi meyè eta Ozetazini pou kantite pwodiktè bwason atizanal li genyen nan chak kategori. Eta klase an katyèm nan peyi a pou ni kantire etablisman diven ak kantite brasri li gen ototal, li an dezyèm nan peyi a pou kantite distiyri atizanal epi li an premye pou kantite pwodiktè sid bri.

Prezidan Otorite Likè Eta New York (New York State Liquor Authority), Vincent G. Bradley, te deklare, “Yo ap rekonèt New York toupatou atravè peyi a ak mond lan pou bon jan kalite bwason atizanal li yo. Gouvènè Cuomo te ankouraje yon anviwonman nan eta a ki pèmèt biznis sa yo reyisi ak devlope, epi gras a sa, plis pwodiktè ap ouvè biznis ak kontribiye nan ekonomi an deplizanpli”.

Komisyonè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard Ball, te deklare, “Fabrikan bwason atizanal New York yo se antreprenè entèlijan, inovatè ki gen devouman anvè ekselans, epi yo montre sa atravè pwodwi yo tou. Pandan endistri a ap devlope, nou ap wè plis pwodiktè k ap itilize engredyan ki soti dirèkteman nan fèm yo, sa k ap bon pou sektè agrikòl la ak ekonomi rejyonal la. Gras a efò Gouvènè Cuomo te fè pou l lanse endistri a, l ap fleri epi l ap fè yon enpresyon solid onivo lokal, nasyonal ak toupatou nan mond lan”.

Prezidan Fondasyon Diven ak Rezen Eta New York la (New York State Wine and Grape Foundation), Sam Filler, te deklare, “Lwa sou Bwason Atizanal New York la te ede agrandi opòtinite mache pou etablisman diven nan Eta New York yo lè li pèmèt yo vann nan vè nan tout lòt fèm ki gen lisans pou vann bwason yo, epi an efè, sa ap ankouraje kolaborasyon ak relasyon ant endistri diven an ak pwodiktè byè, sid, ak alkòl yo”.

Paul Leone, ki se Direktè Ekzekitif Asosiyasyon Brasri Eta New York yo (New York State Brewers Association), te deklare, “Pandan nou ap selebre 3èm anivèsè Lwa sou Bwason Atizanal New York la, nou bezwen gade konbyen wout nou gentan fè

deja pandan kèk ti ane ki sot pase la yo. Sèlman lefèt nou vin pèmèt brasri yo sèvi byè nan vè nan sal goute yo te chanje règ jwèt la pou endistri brasri a nan Eta New York. Non sèlman li te bay brasri yo yon sous revni enpòtan ki te pèmèt yo devlope plis atravè plis anplwaye yo anboche yo, men tou nan agrandisman ak enfrasriktyon yo. Ajoute aspè touris la ki amelyore a, epi w ap gen yon veritab tanpèt kwasans ekonomik nan toule 4 sektè bwason yo. Nou remèsye Gouvènè a ak administrasyon li an paske yo ap sipòte pwojè lwa enpòtan sa a”.

Direktris Egzekitif Asosyasyon Sid New York (New York Cider Association), Jenn Smith, te di, “Lè nou modènize atmosfè reglemantè ki an rapò ak pwodiksyon ak vant bwason atizanal la yo, lè nou sipòte inisyativ ki favorab a devlopman vèje ak sidri individyèl yo, ak lè nou ankouraje pwogram pwomosyonèl kolektif tankou festival Semèn Sid nou an, Lwa sou Bwason Atizanal Gouvènè Cuomo a te fè New York vin yon anviwonman fèt pou fèm ak antreprenè k ap itilize pòm New York yo pou yo fè sid. Kòm konsekans, kounye a, New York alatèt kòm eta ki gen plis sidri nan peyi a, epi yo rekonèt Sid New York onivo entènasyonal kòm bwason divèsifye ki gen akolad. Avansman endistri nou an ap fè la se rezilta vizyon li ye”.

Prezidan Konfreri Distiyè Eta New York la (New York State Distillers Guild), Cory Muscato, te di, “Piske deja gen twa zan depi yo te pwomilge Lwa sou Bwason Atizanal la, li menm pi evidan ankò nan ki pwen pwojè lwa sa enpòtan pou endistri alkòl distiyè New York la. Majorite nan manm ak moun nan endistri nou yo te fè envestisman konsiderab nan pwopriyete biznis pa yo paske yo te pwomilge pwojè lwa sa a, ki gen ladan nouvo sal goute, ekipman nan enstalasyon pwodiksyon yo, ak pèsonèl. Nou ka sèvi avèk fyète bwason alkòl nou yo ansanm ak byè, diven, ak sid ki pwodwi nan New York nan vè, sa k ap ouvri aksè a mache a pou pwodiktè yo, k ap mennen yo anvè plis opòtinite pou yo devlope. Yon trè gran mèsè a Gouvènè Cuomo pou lidèchip li pou fè Eta New York la alatèt afich nan endistri bwason atizanal reyisi peyi a”.

Senatè Rich Funke, Prezidan Afè Kiltirèl Sena, Komite Touris, Park ak Rekreyasyon (Senate Cultural Affairs, Tourism, Parks and Recreation Committee), te deklare, “Inovasyon ak devlopman endistri bwason atizanal New York la pandan ane ki sote pase yo te vital pou sektè touris la toupatou atravè Eta New York, espesyalman nan Rejyon Finger Lakes la. Kèlkeswa si se vizit agwotouristik nan fèm yo, goute nan brasri lokal yo, oswa konsè ak lòt evènman k ap atire moun vin New York la yo, devlopman sa a se yon eleman ki enpòtan pou anpil nan ekonomi lokal nou an yo. Antanke Prezidan Komite Touris Sena Eta New York la, mwen atann pou m kontinye travay ak kolèg mwen yo pou nou sipòte avansman endistri bwason atizanal la”.

Prezidan Komite Agrikòl Sena a (Senate Committee on Agriculture), Senatè Patty Ritchie, te deklare, “Chak grenn jou ki pase, Nouyòk yo ap chache manje –ak bwè– pwodwi ki fabrike onivo lokal. Potansyèl endistri byè atizanal nou an san limit. Avèk chak etap nou pran pou nou debloke potansyèl sa, nou ap non sèlman sipòte endistri a, nou ap kreye djòb, ak ogmante liy de fon agrikiltè k ap travay di nou yo tou. Nan ane ki sot pase la yo, mwen fyè pou m te alatèt chanjman ki rann li pi fasil pou pwodiktè bwason atizanal eta nou an yo pwospere epi m ap atann pou endistri an ekspansyon sa a kontinye devlope plis toujou”.

Manm Asanble Daniel J. O'Donnell, ki se Prezidan Komite Devlopman Atizay, Touris, Pak ak Espò Asanble a (Assembly Committee on Tourism, Parks, Arts and Sports Development) te di, “Endistri brasri atizanal ki an ekspansyon sa a se yon gran viktwa pou tout Nouyòkè- agrikiltè, kliyan, touris, rejyon nò, rejyon sid- ak pi lwen ankò! Mwen trè kontan pou m wè biznis sa yo ak kominote yo sipòte yo kontinye jwenn siksè pandan endistri a ap agrandi pandan ane k ap vini an yo”.

Manm Asanble Bill Magee, Prezidan Asanble Komite Agrikòl a (Assembly Committee on Agriculture), te di, “Lwa sou Bwason Atizanal New York la te estimile endistri bwason atizanal la atravè refòm lejislatif règleman yo, senplifye pwosesis administratif yo ak ogmante enterè nan fabrikasyon pwodwi bwason atizanal yo, epi ajoute nouvo ouvèti mache, k ap pèmèt biznis sa yo vin tounen kontribitè nan ekonomi agrikòl ak touristik nou yo, epi k ap kreye nouvo djòb ak nouvel opòtinite toupatou atravè eta a”.

Chanjman sa yo non sèlman entwodwi yon eklozyon nan endistri bwason atizanal la, men tou yo te jenere anplwa ak devlopman ekonomik pou endistri yo sipòte yo, ki gen ladan miz an boutèy, konstriksyon, kagezon, enprimri ak piblisite. Agrikilti New York la te benefinsye dirèkteman de lejislasyon sou Brasri Fèm ak Sidri Fèm yo atravè ogmantasyon demann pou pwodwi yo kiltive onivo lokal yo. Daprè Inivèsite Cornell la, kantite kawo tè yo kiltive oublon sou yo nan Eta New York la te prèske double soti 2014 rive 2016, epi kantite kawo tè yo kiltive lòj brasri sou yo te ogmante pa 374 pousan nan menm peryòd dezan sa a, soti nan 170 rive apeprè 809 ekta. An menm tan, kwasans agwotouris nan sektè bwason atizanal la te plis estimile endistri touris masiv 100 milya dola New York la.

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418